

# BAB I

## STRUKTURALISME SASTRA

### 1.1 Bubuka

Nepi ka poe ieu mah sastra masih keneh jadi jejer catur paraahli nu migandrung widang sastra. Tampolana mah kapan matak ngahudang tumuwuhna papahaman nu beda-beda, boh keur matotoskeun istilah sastra boh keur nyurahan istilah tiori jeung pamarekan sastra. Pabentarna paham antara paraahli sastra dina nyurahan istilah sastra, tiori jeung pamarekan sastra teh bisa jadi lantaran pasipatan sastra mibanda karakteristik anu nenggang ti widang paelmuan sejenna, di antarana bae, jigana mah soal fiksionalitasna, soal originalitasna, soal artistikna jeung soal estetiknya, meureun! Hamo boa nya aspek-aspek nu kitu nu jadi cukang lantaran ayana anggapan yen sastra teh cenah hiji lapangan disiplin ilmu nu unik-mibanda objek panalungtikan anu teu dumuk, beh ditu mah teu paruguh! Bisa jadi kituna teh, lantaran aspek-aspek nu ditataan tadi teh upama bener kitu, baris ngagedurkeun aweuhan subjektivitas ti parapakar sastra anu relatif ganjor pisan bedana. Upamana bae dina netepkeun soal watesan sastra (anu dianggap panghakikina), kapan tacan aya pamadegan anu dumuk. Patali jeung hal ieu, Teeuw (1988:21) ngebrehkeun yen saestuna mah ti mangsa ka mangsa oge geus loba anu ngusahakeun pikeun mere watesan anu eces ngeunaan sastra dumasar kana kaca panon jeung pamarekan nu beda-beda. Saban-saban aya watesan anu disodorkeun ku parailmuwan, gancang diserang, ditolak, jeung disangsikeun, lantaran eta watesan-watesan teh teu bisa nyaosan nu diharepna sacara gembleng. Watesan nu disodorkeun ukur nandeskeun hiji atawa sababaraha perkara bae. Lian ti eta, malah sabalikna deuih yen tapal wates anu jelas lain perkara widang sastra.

Ku kituna, dina ieu tulisan, samemeh “mopoyankeun deui” perkara strukturalisme, leuwih ti heula rek ngadadarkeun konsep-konsep dasar ngeunaan papahaman sastra. Nu dipamrih teh sangkan aya gambaran, najan ukur sakolenyay, ngeunaan harti sastra, hakekat jeung fungsi sastra nu engkena bakal jadi hiji palapon pamikiran enggoning nantukeun sawangan kana strukturalisme.

## 1.2 Harti Sastra

Lamun dicukcruk huluwotanana, nya ti dunya kulon ngurumuyna tiori jeung aspek pasualan sastra teh. Geura we, upama dititenan mah istilah kecap nu aya patalina jeung sastra, kapan kabeh oge jolna teh tina dapuran kecap-kecap nu ilaharna dipake ku urang kulon.

Di Inggris, kecap sastra teh disebut *literature*, di Jerman disebut *literature*, di Prancis disebut *littérature* anu eta kecap-kecap teh kabahanana oge asalna mah tina basa Latin, *litteratura*. Kecap *litteratura* teh saestuna mah terjemajaan tina basa Yunani, *grammatika*. Kecap *litteratura* jeung *grammatika* asal kecapna *litera* jeung *gramma* anu hartina ‘huruf (tulisan, *letter*)’. Asalna mah kecap *litteratura* teh dipake dina widang tata basa jeung puisi. Keur ieu istilah teh di Prancis mah dipake kecap *lettre*. Sedeng di Belanda istilah nu digunakeun pikeun nyebut jalma anu mibanda peradaban tur mibanda kamaheran anu husus dina widang sastra teh disebut kecap *geletterd*, di Inggris mah disebutna teh *man of letters*. Dina kamekaran saterusna, istilah *litterature* dina basa Barat modern mah dihartikeun ‘sagala perkara anu tinulis, dipakena basa dina wangun tinulis’. Di Jerman oge aya dua istilah anu hartina deukeut jeung harti istilah *litterature* nu ilahar dipake dina basa Barat modern, nyaeta kecap *schriftum* jeung *dichtung*. *Schriftum* ngawengku sagala rupa perkara anu tinulis, sedeng *dichtung* mah ngawengku tulisan anu euweuh patalina sacara langsung jeung kanyataan. Jadi, *dichtung* mah miboga sipat rekaan, sarta boh sacara implisit boh sacara eksplisit dianggap ngandung ajen estetik. Keur urang Belanda mah *dichtung* teh disisilhan ku kecap *letterkunde*, harti harfiahna tina *litteratura*: sastra. Di sagigireun eta, dina basa Belanda, aya deui istilah anu disebut *litteratuur*, hartina ngawengku kapustakaan, nu ngacu kana makalah atawa buku ilmiah (sarua jeung nu dimaksud ku kecap *litteratur* dina basa Jerman), dina basa Perancis mah dipake kecap *belles-letters*, nyaeta istilah husus pikeun sastra anu ngandung ajen estetik. Ieu kecap teh sok dipake di Inggris oge, jadi kecap injeuman. Sedeng di Belanda mah kecap *belles-letters* sawanda jeung kecap *belletrise*.

Dina basa Indonesia, kecap sastra teh asalna tina basa Sanskerta, tina akar kecap *sas*, hartina mere pituduh, ngajar atawa instruksi. Ahiran *-tra* ilaharna nuduhkeun alat, sarana. Ku sabab

kitu, sastra teh hartina ‘alat pikeun ngajar, buku pituduh, buku instruksi atawa pangajaran’, saperti silpasastra, buku arsitektur, kamasastra, buku pituduh ngeunaan seni cinta’. Awalan *su-*, hartina ‘alus, endah’. Ku kituna, *susastra* teh sok dipapandekeun jeung *belles-letters*. Saterusna Teeuw (1988:23) nyutat pamadegan Gonda jeung Zoetmulder anu ngeceskeun yen saestuna kecap *susastra* teh euweuh dina basa Sanskerta jeung basa Jawa Kuno mah. Jadi, *susastra* teh kecap ciptaan Jawa jeung Melayu.

Legana ambahan harti tina kecap literature teh, tumerapna kana papahaman sastra bangsa-bangsa Timur mah jadi kaliru. Upamana bae, harti *belles-lettres* jauh leuwih heureut ruang lingkupna lamun diukur ku kandungan eusi *History Of Classical Malay Literature* beunang Winstadt jeung *Literature of Java* beunang Pigeaud. Winstedt dina tulisanana medar perkara teologi Islam, ngeunaan hukum jeung undang-undang, jeung karangan sajarah. Sedeng Pigeaud dina tulisanana teh ngadadarkeun perkara katalog naskah-naskah Jawa. Saterusna eta kalog teh dipasing-pasing deui dasamar kana kandungan eusi teks jadi opat kategori:

- a. teks anu eusina kaagamaan jeung etika
- b. teks anu uesina ngeunaan sajarah jeung mite
- c. teks ngeunaan sastra jeung
- d. teks ngeunaan ilmu pangaweruh, seni, kamsarakatan, hukum, carita rakyat, adat istiadat, jeung kembang rampe (Teeuw, 1988: 25; Pigeaud, 1967: 2).

Lian ti eta, aya deui pasualan anu kawilang penting mangrupa refleksi kana pangertian sastra anu lahir di Barat. Eta pasualan teh nya eta (1) kumaha ngabedakeun sastra dina harti heureut (*dichtung*, Jerman)? Patali jeung pasualan kasebut, Teeuw (1988: 25) netelakeun, naha aya alesan anu kuat pikeun netepkeun yen *Sajarah Melayu* teh saestuna buku sajarah, lain sastra. Pon kitu deui, karangan Nuruddin ar-Raniri, *Babad Tanah Jawi*, *Serat Wedatama*, jeung lian-lianna deui, (2) lamun konsepsi sastra Indonesia sacara gembleng ngalong kana konsepsi sastra dina basa Barat modern, *literature* miboga arti yen urang geus kaleungitan hiji banda pusaka sastra, nyaeta sastra lisan.

Ilustrasi sejenna anu mopoyankeun ayana pasendatan geunaan konsepsi sastra (jigana mah pertentangan nu pangcikalna

dina dunya sastra), antara Plato jeung Aristoteles. Plato netelakeun yen sastra teh ukur titiron (mimesis) gambaran tina kanyataan. Ku sabab kitu, sastra teh gaplah. Nu jadi pangjugjugan teh lain lahirna bae, tapi ide nu ngalataranana. Titiron teh henteu miboga ajen tina kanyataan, balukarna sastra teh beuki jauh bae tina ide anu hakiki. Sedeng Aristoteles (murid plato) nganggap yen sastra teh mangrupa kagiatan utama manusa pikeun neangan jati dirina, di sagigireun ngaliwatan kagiatan sejenna saperti agama, ilmu pangaweruh, jeung filsafat (Partini, 1991). Eta pamanggih teh dideudeul deui ku Lexemburg (1989:14) anu nyebutkeun yen Plato nganggap seni teh mimesis atawa titiron dunya sosok. Eta dunya teh mangrupa titiron dunya gagasan. Ku kituna, ceuk plato, seni teh hiji perkara nu handay, kurang ajenna dibandingkeun jeung hasil karya tukang. Sedeng Aristoteles dina karyana, *Poetica*, ngeceskeun yen mimesis teh lain mang rupa titiron murni, tapi mangrupakeun proses candraan anu kreatif. Karya seni teh nyaeta candraan nu tujuanana pikeun ngadeskripsikeun kajadian, tokoh, jeung wangun (*bentuk*). Sok sanajan aya hal-hal anu sarua jeung kalakuan, pribadi jeung barang nyata, eta teh henteu didadasaran ku niro-niron wungkul.

Saterusna, Eagleton (1987 :1) nyebutkeun yen sastra teh tulisan imajinatif dina harti fiksi tulisan anu henteu ngandung bebeneran sacara hafiah. Ieu wangenan teh cenah teu kurup, lantaran dina abad ka-17, boh di Inggris boh di Prancis henteu dibedakeun antara tulisan fiksi jeung fakta. Roman Jakobson, salah saurang kritisi formalis Rusia nyebutkeun yen sastra teh keganasan anu terorganisir anu dilarapkeun kana basa sapopoe. Sastra teh ngarobah jeung ngintensifkeun basa bisa, anu sacara sistematis mengpar tina omonngan sapopoe (Eagleton, 1987 :2).

Ayana pamadegan nu beda-beda ngeunaan sastra teh saenyana mah mang rupa refleksi tina kaayaan konsep sastra nu nyampak. Ari konsepsi sastra nunjang na teh kapan kana kasang kana tukang budayana sewang-sewangan. Geuning ku Lexemburg (1989:21, 22) oge dieceskeun yen ku jalan ekspresi khusus, sastra teh bisa mere sawangan nu leuwih umum ngeunaan pasualan manusiawi, sosial atawa intelektual. Ngaliwatan kajian bahan sacara khusus, ngaliwatan fiksionalitasna jeung gambaran antara nu husus jeung nu umum, nu maca teh boga lolongkrang pikeun nyurahan sabagian teks sastra luyu jeung ambahan pangaweruh nu dipimilikna. Lian ti eta, unggal-unggal karya

sastra teh mibanda ketegangan antara kreatifitas jeung tradisi. Remen dipamrih ayana perkara anu kudu dicaosan, nya eta ngeunaan originalitas dina wangun jeung eusi. Nya ku sabab kitu, sipat sastra teh gumantung kana konvensi-konvensi nu tangtu.

Balukarna tina sawangun nu beda-beda ngeunaan konsepsi sastra teh nyaeta gelarna sawatara pamarekan dina kajadian sastra. Upamana bae Abrams (dina semi, 1984: 12) ngeceskeun ayana pamarekan mimetik, pragmatik, ekspresif jeung objektif. Anu saterusna ku Semi (1984: 44, 45) ditambah deui pamarekan semiotik, sosiologis, psikologis, jeung moral.

Tumuwuhna karuwed dina nangtukeun watesan sastra teh mangrupa akibat tina kamekaranana sastra. Teeuw (Semi, 1984: 41, 42) ngeceskeun sawatara alesan anu ngalantarankeun ruwedna dina nangtukeun watesan sastra, nya eta (1) lobana warna kasusastraan, napi ka hese pikeun mere ciri-ciri anu mandiri tina sajumlah ragam sastra, (2) ciri-ciri kamandirian sastra teh henteu angger, mindeng barobah, henteu bisa ditarima ku saban mangsa jeung saban tempat, (3) wates antara sastra jeung nu lain sastra teh henteu mutlak, gejala mandiri anu aya dina karya sastra oge, geuning sok dipake dina karangan anu saestuna lain sastra, atawa sabalikna, (4) parapangarang dina sastra modern ngahaja ngalamurkeun wates antara sastra jeung nu lain sastra, wates antara kategori, warna sastra, jeung nu sejenna ditaragal tuluy dirombak, (5) di lingkungan masarakat tradisional, sastra teh salawasna mibanda fungsi dina konteks kamasarakatan anu modern, sastra teh boga otonomi husus, jeung (6) sastra diidentifikasina beda-beda dumasar kana pamarekan nu tangtu, misalna bae: (a) *struktur* karya sastra, (b) *makna* atawa *pesan* karya sastra, (c) *ekspresi* pangarang, jeung (d) *himbauan impresi*, resepsi nu maca.

### **1.3 Hakekat jeung Fungsi Sastra**

#### **1.3.1 Hakekat Sastra**

Hakekatna mah sastra teh fiksionalitas anu nandeskeun soal kaartistikanana. Di satukangeun kafiksian jeung kaartistikanana teh ngajengleung ajen-ajen *kejujuran* jeung *bebeneran*.

Nu di maksud *kejujuran* dina sastra nyaeta soal kadariaan mikir geusan ngaluarkeun hiji konsep, sedeng nu dimaksud *bebeneran* dina sastra, nyaeta pencerminan atawa pembayangan kahirupan atawa peristiwa kahirupan nu aya, lain perkara tina hasil lamunan atawa hayalan wungkul. Patali jeung hal ieu, Sumarjo (1979: 139) netelakeun yen bebeneran dina karya sastra lain caritana, tapi aya hiji perkara anu dirojong ku eta carita. Bebeneran dina sastra lain bebeneran faktual, anu enya-nya pernah kajadian, tapi bebeneran lebah nyodorkeun watek, sikep hirup anu condong (mere kamungkinan) yen kana kajadian anu bisa ditarima ku akal. Ajen universalna nu dibela teh, lain ukur caritana. Caritana mah bisa mang rewu-rewu rupa, tapi ajen bebeneranana tetep laku keur sakumna manusa. Kajadian dina sastra lain kajadian personal, tapi kajadian anu universal. Urang bisa nyeungceurikan, mikaceuceub jeung mikaasih tokoh-tokoh rekaan parapangarang nu sabenerna euweuh di kieu. Tokoh-tokohna teh imaji wungkul, teu pernah hirup, tapi aya di manamana, budeureun urang, di sakuliah dunya, dunya urang. Eta tokoh teh hirup dina dada manusa, dina diri urang. Sajalan jeung eta pamadegan, Semi (1984: 33) nandeskeun yen ukuran bebeneran dina kritik atawa telaah sastra mah, sawadina urang make istilah bebeneran teh kudu dumasar kana timbangan bener. Bebeneran hirup nu dimaksud teh, lain bebeneran nu “nyarung” (klop) jeung kanyataan pangalaman sapopoe, tapi leuwih lega tibatan eta. Bebeneran anu jadi pangjugjugan teh, nya eta bebeneran anu ideal, lain bebeneran anu keur disorang dina kahirupan kiwari, tapi bebeneran anu dipicangcam atawa bebeneran anu samistina kajadian. Bebeneran anu ngakar kana kanyataan jeung bebeneran anu sacara ideal dipiharep. Bebeneran nu kieu teh dina kritik sastra disebutna bebeneran hirup (*the truth of life*). Patali jeung eta anggapan, Partini Sarjono (1991) mairan yen panyair atawa pangarang sastra henteu ngagambarkeun perkara anu enya-nya kajadian, tapi ngagambarkeun perkara anu mungkin bisa kajadian atawa bakal kajadian atawa anu geus kajadian dina mangsa nu tangtu.

Patali jeung hakekat sastra, Jan Van luxemburg (1989: 6) nyebutkeun yen dina teks sastra loba perkara anu implisit sina disurahan ku nu maca. Nu maca kudu ngeusian “bagian-bagian nu kosong”. Teks sastra remen merlukeun pamahaman simbolik ti nu maca. Sedeng James Reeves (1985 : 16) nilik hakekat sastra

teh sabage fakta kahirupan. Sastra dianggap kaca mata hasil kabudayaan mangsa kaliwat anu ngawengku adat kabiasaan, kapercayaan, jeung nilai anu turun-tumurun dipake ku masarakat dina kurun waktu nu tangtu. Maksudna, pikeun mapag jeung nyaluyukeun diri jeung sakabeh situasi anu tumuwuh, boh dina kahirupan individu boh dina kahirupan kelompok.

### 1.3.2 Fungsi Sastra

Sastra teh mangrupa salah sahiji bagian seni. Dina seni puisi aya istilah *dulce* jeung *utile* (puisi teh endah tur aya manfaatna) hiji konsep anu disodorkeun ku Horace.

Aya sawatara pasendatan ngeunaan fungsi puisi, di antarana nya eta (1) puisi dianggap miboga fungsi ngahibur (saperti jenis hiburan sejenna) di tentang kunu boga anggapan yen puisi teh saestuna mere palajaran (saperti buka teks), (2) puisi teh propaganda, ditolak kunu boga anggapan yen puisi teh saestuna ngan saukur ulin sora jeung carita, tanpa ayana acuan ka dunya nyata. Ieu pamanggih teh ditolak deui kunu boga anggapan yen puisi teh mang rupa hasil pagawean anu meredih ketekunan, kaahlian jeung perencanaan panyair anu daria. Ku sabab kitu, puisi teh dianggap hasil pagawean anu serius jeung penting mah, hartina geus mopohokeun soal kasenangan anu ditimbulkeun ku puisi, ku Kant mah disebutna teh *purposelessness* (“sipat tanpa tujuan”) tina puisi (Wellek & Warren, 1989 :25).

Nepi kiwari mah, najan masih tetep diadurenyomkeun, sastra teh miboga fungsi ganda, boh keur nyaosan kasenangan boh keur ngudag kamangpaatanana. Kasugemaan dina harti senang nu kacangking tina sastra bisa dipapandekkeun jeung kasenangan fisik sejenna, lantaran miboga ajén kasenangan anu leuwih punjul, nya ete kontemplasi anu henteu ngudag-ngudag kauntungan. Sedeng mangpaatna kadariaan, sipatna didaktis, nya eta kadariaan anu nyenangkeun, kadariaan estetis jeung kadariaan persepsi.

Numutkeun Wellek & Warren (1989: 35) yen fungsi sastra, ceuk sajumlah tioritikus, nya eta pikeun ngabebaskeun nu maca jeung nu nulisnatina tekanan emosi. Emosi maranehna teh geus dipuseurkeun dina karya sastra, saterusna bedah dina pungkasan pangalaman estetis maranehna, nepi ka maranehna nyangking pikiran nu tingtrim. Ieu pamanggih teh disanggah deui

ku Plato mah, lantaran dina drama tragedi jeung komedi mah "hurungna emosi" teh ulah diantep, tapi kudu dipareuman.

Memang, ieu kasus anu can kapaluruh di mana tungtung na teh, lain ngan ukur kaalaman ku papahaman ngeunaan watesan sastra, tapi kaalaman ku fungsi sastra deuih. Ironisna teh, di hiji pihak renung sababaraha tiori ngeunaan hakekat jeung fungsi sastra, sedeng di sejen pihak renung deui pamadegan anu ngawada, nyangsikeun, malah ngareunteutkeun atawa ngaragragkeun. Pihak anu jadi pembela nyanghareupan tangtangan jeung pameredih pikeun ngabuktikeun fungsi eta. Ku kituna, atuh dina tulisan-tulisanana teh nandeskeun segi mangpaatna, lain segi kanimatanana. Pon kitu deui, masalah fungsi teh salawasna dipatalikeun jeung hubungan ekstrinsik atawa patalina jeung perkara di luareun sastra.

Leupas tina soal aya perbedaan pandangan ngeunaan sastra, hakekat jeung fungsi sastra, najan kumaha bae oge sastra teh moal bisa dipukahkeun tina kabutuh hirup manusa. Sastra mangrupa hiji sisi (bagian) tina seni nu mibanda ciri mandiri ngandung kaartistikan, ngandung kaendahan, ngandung kajujuran, ngandung kaorsinilan, jeung ngandung bebeneran anu salawasna nungtun panganutna kana sipat anu lemes, malahan nganteur kana tujuan pangjugjugan kahirupan manusa anu leuwih wijaksana.

Urang teu kudu lieur atawa mabok lantaran kabuntang banting, dialungboyongkeun ku sababaraha pamadegan ngeunaan tiori sastra anu beda-beda. Hadena mah urang nyokot hikmahna bae, nangtukeun hiji alternatif jawaban, naha urang rek manutan kana hiji sistem dina salah sahiji tiori anu ku urang dianggap cocog jeung kacendrungan mikir bangsa urang atawa jeung kabiasaan sastra nu disanghareupan ku urang di ieu sarakan. Saterusna, naha urang teh rek jadi panganut madhab fenomenologi atawa aliran strukturalisme? Eta mah hak masing-masing pikeun nangtukeun pilihanana. Tapi sanajan kitu, urang kudu inget yen tiori sastra teh henteu mandeg mandiri sabage hiji widang berpikir, tapi jadi sabagian tina sistem mikir ngeunaan sawatara gejala kahirupan sejenna. Leuwih beh dituna, tiori sastra teh mangrupa hiji penjelmaan tina pikiran filsafat anu sipatna gembleng. Jadi, tiori sastra teh latar tukangna dilataran ku filsafat. Ku sabab kitu, teu matak heran, lamun munculna hiji tiori ngeunaan sastra salawasna dibarung ku lobana reaksi, boh anu

nyaluyuan boh anu nyempad atawa ngawada. Wajar bae rek kituna teh, da geuning ku Subagio Sastrawardojo (1988 : 21) oge disebutkeun yen upama urang masih keneh can sanggup ancrub jeung nyangkem alam filsafat anu ngalantaran tiori-tiori sastra modern anu jolna ti Barat tea, miboga harti yen tiori-tiori anu dicangking ku urang teh masih keneh tehnis sipatna jeung “ngagantung tanpa tali”.

Jigana mah bakal leuwih wijaksana, lamun urang rek manutan kana salah sahiji tiori sastra teh dumasar kana timbangan kasang tukang tradisi budaya nu ngalantaranana, sabab objek panalungtikan anu ku urang disebut sastra teh nya eta objek anu dinamikana ditangtukeun sarat-sarat jeung norma-norma kamasarakatan anu beda-beda (Teeuw, 1982: 9).

#### **1.4 Harti jeung Konsep Dasar Strukturalisme**

Sastra teh bisa dianggap sabage hiji gejala sosial. Ku kituna, sastra anu ditulis dina kurun waktu nu tangtu bakal raket patalina jeung norma-norma sarta adat istiadat nu tumuwuh dina eta jaman. Pengarang sabage salah saurang anggota masarakat nulis karya sastra keur bacaeun balarea. Geuning ku Damono (1979: 1) oge disebutkeun yen karya sastra teh diciptakeun ku sastrawan pikeun *dinikmati*, *dipahami*, jeung dimangpaatkeun ku masarakat. Sastrawan oge kapan anggota masarakat, inyana kauger ku status sosial nu tangtu. Sastra teh mangrupa lembaga sosial anu ngagunakeun basa sabage mediumna, eta basa teh ngarupakeun ciptaan sosial. Sastra ngagelarkeun gambaran kahirupan. Eta kahirupan teh mangrupa hiji kanyataan sosial.

Pamarekan nu geus lumrah dipake pikeun nyusud patalina sastra jeung masarakat, nyaeta neuleuman sastra sabage dokumen sosial, mangrupa potret kanyataan sosial. Thomas Warton (dina Wellek & Warren, 1989: 122) ngebrehkeun yen sastra teh gudang adat istiadat, buku sumber sejarah peradaban, utamana mah sajarah timbul jeung tilemna sumanget kasatriaana. Ku sabab kitu, sastra nu dianggap sabage dokumen sosial mah bisa dipake pikeun medar ihtisar sajarah sosial.

Lamun urang sapuk kana sawatara anggapan ngeunaan eksisna sastra saperti anu kasebut tadi, urang bisa nyokot sawatara conto anu mangrupa eunteung kahirupan masarakat dina kurun waktu nu tangtu. Saperti anu dicontokeun ku Luxemburg,

Spk. (1989: 23) dina karya Turgenyev di Rusia nu ngalakonkeun “*Kisah-kisah Pemburu*”; Multatuli nulis *Max Havelaar*. Eusina geus mangaruhan kana diskusi-diskusi ngeunaan sistem kolonial Belanda; Gerard Reve, pangarang Belanda geus wani nulis novel-novel anu mibanda tema-tema homoseks, anu samemehna mah kapan teu dibere lahan. Balukarna, nya gede pangaruhna kana tumuwuhna *permissive society* (taya pantrangan, sagala diwenangkeun). Pon kitu deui, dina karya sastra urang, *genre* novel upamana, novel *Baruang ka Nu Ngarora*. Ieu novel teh mangrupa novel Sunda nu pangcikalna, terbit dina taun 1914, karya Daeng Kanduruan Ardiwinata. Nilik eusina, pangarang ieu novel teh geus hasil motret kahirupan masarakat Sunda di Pasundan dina abad ka-19 katompernakeun. Gurat badagna ku pangarang di deskripsikeun kumaha ngeunaan sikap jeung prilakuna kaom bangsawan anu boga kakawasaan ka kaom pasar (padagang) anu lemah. Geusan ngahontal harepanana, kaum bangsawan nu diwakilan ku tokoh Aum Usman bisa migawe “naon bae” ku cara “nu kumaha bae” ka kaom pasar (padagang) nu teu boga kakawasaan, anu diwakilan ku tokoh Ujang Kusén. Balukarna, tokoh ti kalangan pasar teh teu walakaya nyangharepan kasarakan kaom bangsawan, pamustunganana ti gebrus kana sagara kasangsaraan. Conto sejena, saperti dina karya-karya Yuhana (Ahmad Basah). Ngaliwatan sawatara karyana, di antarana bae *Carios Agan Permas*, *Mugiri*, *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama*, jeung *Eulis Acih*, Yuhana geus nepikeun protes sosialna. Ieu pangarang dina karya-karya kasebut ngembrehkeun kahengkeran- kahengkeran jeung kateuadilanna nu nyayang dina dada masarakat. Ngeunaan ieu pangarang, Tini Kartini, Spk.(1979: 10) netelakeun yen Yuhana mah hayang nepikeun kajadian-kajadian, boh hade boh goreng anu pernah kajadian atawa anu mungkin kajadian di masarakatna. Manehna hayang nepikeun amanatna. Inyana hayang ngeumarakeun sora-sora anu teu kakedalkeun ku rakyat leutik ngeunaan kasangsaraan. Yuhana hayang ngarekam tingkah paripolah anyar dina tata bagaulna muda-mudi. Yuhana hayang ngajak kanu maca supaya babarengan mikiran, lain ngan ukur nengan tokoh nu merankeun pembela pahlawan, tapi leuwih jauh batan eta, nyaeta hayang nere nyaho naon saestuna nu dipilampah ku parapahlawan tea. Yuhana ngembrehkeun peran tokoh

panipuan, tokoh penjilat, tokoh anu naragal kana situasi kahirupan mangsa eta, jeung lian-liana deui.

Dumasar kana ilustrasi jeung anggapan nu disebut di luhur tea, singhareng katara rambat kamalena antara sastra jeung masarakat. Ieu parkara teh geus aya nu nalungtik tina sawatara jihat, di antarana bae saperti anu kungsi dipopoyokeun ku Luxemburg, Spk. (1989:24), nyaeta (a) anu ditalungtik teh faktor-faktor di luareun teks, gejala teks sastra, teks sastrana mah teu kungsi katoel-toel. Upamana bae nalungtik kalungguhan pangarang, nu maca, jeung penerbit. Faktor-faktor konteks nu sarupa kieu teh disaliksik ku sosiologi sastra empiris anu henteu make pamarekan ilmu sastra. Hal-hal nu aya rambat kamalena jeung soal sastra diwatesanan, ditalungtik dumasar kana metode-metode ilmu sosiologi. Tangtu bae ilmu sastra bisa ngagunakeun hasil sosiologi sastra, utamana mah lamun hayang nalungtik persepsi nu maca.(b) anu nalungtik teh nyaeta patalina antara (aspek-aspek) teks sastra jeung susunan masarakat. Nepi ka mana sistem masarakat jeung parobahanana karekam ku sastra? Sastra oge kapan dipake keur mesek sistem masarakat. Sedeng ahli sosiologi mah titik panginditanana teh nampak kana sawangan sosial atawa politik nu tangtu. Maranehna boga pamadegan nu eces ngeunaan kawajiban jeung sikep kritis masarakat dina enggoning nyanghareupan tata masarakat nu keur lumangsung. Cek anggapanana yen sikep kritis teh paheut patalina jeung soal pangajen urang kana sastra nu keur di saliksik tea. Eta panganjen teh lain ukur dumasar kana norma-norma estetik wungkul, tapi dumasar kana norma-norma politik jeung etika deuih. Pikeun ngahontal dua harepan nu disebut bieu teh tangtu bae kudu diudag ku hiji pamarekan nu tangtu. Patali jeung kabutuh kasebut, Abrams (Semi, 1984:12-13) netelakeun ayana pamarekan nu disebut (1) kritik nimetik (*mimetic criticism*), nyaeta kritik nu napak kana sawangan yen karya sastra teh ngarupakeun hiji titiron atawa gambaran dunya jeung kahirupan manusa. Ku sabab kitu, kritik sastra mimetik mah nimbang karya sastra teh dumasar kana kamampuh karya sastra dina mere rekaman ngeunaan gambaran kahirupan nu dijadikeun subjekna;(2) kritik pragmatik (*pragmatic criticism*), nyaeta kritik anu disusun pikeun ngahontal tujuan nu tangtu keur nu macana, misalna bae aspek kasenangan, estetika jeung atikan. Ku kituna, kritik pragmatik mah nimbangan karya sastra teh dumasar kana

hasil henteuna hiji karya sastra dina ngahontal tujuan anu saperti disebut tadi tea (kasenangan, atikan jeung estetika),(3) kritik ekspresif, nyaeta kritik sastra anu nandeskeun telaahna kana kaparigelan pangarang dina ngaekspresikeun atawa ngamalirkeun gagasana dina wujud sastra (lumrahna dina karya sastra winangun puisi). Ku sabab kitu, ieu pamarekan teh nimbang karya sastra dumasar kana kamampuh penyair dina ngamalirkeun kasajatian ide-idenana anu sacara sadar atawa henteu karekam dina karya na, jeung (4) kritik objektif, nyaeta kritik sastra anu dumasar kana sawangan yen karya sastra teh saestuna karya anu mandiri, karya sastra teu perlu disawang tina jihat pangarangna, nu macana atawa dunya sabudeureunana. Karya sastra kudu disawang sabage hiji objek anu mandeg mandiri, boga dunya sorangan. Ku sabab kitu, pamarekan nu ieu mah nimbang karya sastra teh dumasar kana tilikan intrinsik wungkul.

Ku ayana opat pamarekan sastra nu ditepikeun ku Abrams tea, miboga harti geus ngagelarkeun papasingan talaah dina panalungtikan sastra. Balukar tina papasingan talaah tea, henteu nutup kamungkinan baris nyiptakeun pasoalan anyar dina panalungtikan sastra. Hadena mah unggal-unggal pamarekan teh kudu tetes pisan identitas/kriteria papasinganana. Pon kitu deui, pakakas pangbedel jeung cara gawena tina unggal-unggal pamarekan teh kudu dumuk heula deuih. Pamustunganana, sakurang-kurangna bakal ngajengleung atawa nganteng hiji wates anu eces ngeunaan pamahaman, penerapan jeung tujuan nu rek di hontal ku unggal-unggal pamarekan sastra tea. Ku sabab kitu, dina ieu tulisan satuluyna rek nyawang salah sahiji pamarekan sastra nu ditelakeun ku Abrams, nyaeta pamarekan strukturalisme; hiji pamarekan anu nadeskeun karya sastra sabage struktur anu sipatna otonom.

#### **1.4.1 Harti Strukturalisme**

Sacara etimologis, strukturalisme asal kecapna "struktur", hartina nyaeta ayana hubungan anu tetep antara kelompok-kelompok gejala atawa unsur (elements); eta hubungan teh digelar ku peneliti hasil tina pangamatan. Eta kaitan atau hubungan teh saestuna anu nangtukeun sarta ngeceskeun saban-saban objek nu ditalungtik. Eta objek panalungtikan teh mungkin bae mangrupa badan manusa, minat manusa, masarakat,

matematika, metodologi, alam, bahasa atawa sastra. Kaitan jeung gejala, dua hal penting anu disebut tadi tea mangrupa wujud anu sipatna abstrak.

Strukturalisme teh mangrupa hiji pergerakan intelektual nu gelar di Prancis dina praktekn mah strukturalisme teh leuwih umum dianggap sabage hiji kaedah atawa metode anu tujuan utamana mah nyaeta pikeun ngalempeng atawa mere pangajen ka parapanalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikanana anu leuwih nyosok jero ngeunaan hiji objek kajian. Strukturalisme lahir pikeun ngabedah kaitan-kaitan atawa unsur dina hiji objek. Dina hubungan kasebut tumuwuh sawatara rupa tanda atawa “bahasa” anu ngecesken wangun jeung fungsina (kaitannana). Ku sabab kitu, stukturlalisme oge disebut hiji kaedah pengkajian modern anu intina ilmu sains tanda (*semiotics*)

Strukturalisme teh enas-enasna mah miboga harti yen hiji karya sastra di masyarakat mangrupa hiji kagemblengan lantaran aya reaksi anu timbal balik antara bagian-bagianana jeung antara bagian jeung kagemblenganana. Ieu hubungan teh lain ukur miboga sifat anu positif, saperti ayana kemiripan jeung kaselarasan, tapi mibanda sifat anu negatif deuih, saperti ayana pertentangan jeung konflik. Lian ti eta, ditandeskeun yen hiji kasatuan struktural ngawengku satiap bagian jeung sabaliknya (yen satiap bagian teh ngarupakeun kagemblengan). Eta harti struktur teh ngabalukarkeun kaom strukturalis ngutamakeun relasi-relasi aya antara sawatara lapisan nu nyampak dina hji karya sastra. Jigana bae nu dimaksud ku istilah “ bagian atawa unsur (*elements*)”, ”lampiran” dina struktur karya sastra teh nyaeta alur, palaku, latar, jeung tema (Rusyana, 1997:5) atawa anu ku Stanton (Pradopo, Spk : 1985) mah disebut (a) tema jeung masalah, (b) fakta carita , jeung (c) sarana carita tea. Sedeng mumutkeun Sulastin Sutrisno (1983) mah unsur-unsur struktur karya sastra teh ngawengku tema, plot, struktur ruang, struktur waktu jeung latar.

Damasar kana sawatara pamadegan bieu, saheulaanan mah bisa dijinekkeun yen nu dipake alat pikeun ngararak struktur karya sastra anu dumasar kana sawangan strukturalisme mah sacara gurat badagna ngawengku unsur-unsur (1) tema, (2) plot/alur, (3) palaku, jeung (4) latar.

### 1.4.2 Konsep-konsep Dasar Strukturalisme

Numutkeun Awang (Karim, 1985: 194) aya genep gagasan anu jadi palapon dasar konsep strukturalisme, nya eta (1) gagasan kaitan (*relationships*), (2) gagasan kasaluruhan (*wholeness*), (3) gagasan desentralisasi perkara (*decentring the subject*), (5) gagasan transformasi (*transformation*) jeung (6) gagasan regulasi diri (*self-regulation*).

- (1) Nu dimaksud gagasan kaitan (*relationships*), nyaeta ayana katandesan ti kaom strukturalis pikeun ngutamakeun kaitan atawa hubungan antarunsur nu aya dina wujud kagemblengan karya sastra. Umpamana bae, nandeskeun rambat kamalena antara tuturan jeung basa, antara teks jeung *genre*, konvensi jeung unsur, cindekna mah jeung kagemblengan sastra bae.
- (2) Nu dimaksud gagasan keseluruhan (*wholeness*), nyaeta hiji sawangan strukturalisme anu nganggap karya sastra teh mangrupa hiji sistem antara struktur. Maksudna hiji kagemblengan anu mibanda konvensi jeung tradisi anu mandiri sastra nagan bisa dieceskeun ku cara anu mandiri deuih.
- (3) Nu dimaksud disentralisasi perkara (*decentring the subject*), nyaeta mangrupa sikap radikal ti kaom strukturalis anu ngiwalkeun aubna kajian sastra dumasar kana kasang tukang sajarah, pangarang, jeung nu maca. Kaom strukturalis ngistimewakeun kajian kana parkara atawa bahan, nyaeta teks sastra nu mandiri. Pangarang jeung nu maca dianggap sabage hiji barang paeh anu beku atawa pasif keur kode kasastraan.
- (4) Nu dimaksud gagasan sinkronik, nyaeta mangrupa hiji kaedah *snapshot*. Nu diutamakeuna teh soal-soal kaayeunakeun bae, lain perkara sajarah atawa hal-hal anu geus kaliwat. Kajiana dipuseurkeun kana masalah-masalah nu aya patalina antara tuturan kecap sacara formal/eksplisit, aya dina teks sastra jeung kumaha carana nyangkeum teks ngaliwatan papagon sastra. Strukturalisme nadeskeun yen sastra teh saestuna sarua saperti *langue* keur Saussure, kudu dianggap sabage hiji kagemblengan anu kungsi aya dina mangsa nu tangtu.
- (5) nu dimaksud gagasan transformasi (*transformation*), nyaeta pangarang teh dikawasa ku struktur anu umum jeung husus dina mangsa keur migawe jeung ngamekarkeun karyana. Eta struktur teh pasti barobah. Dina kagemblengan sastra teh

konvensina salawasna barobah, lantaran di dinya nyampak hiji dinamika jeroan. Ku sabab kitu, salila sastra bisa nangtukeun kamandirian dirina, nya salila eta sastra teh bisa milu barobah atawa ngomean dirina. Sastra miboga kamandirian hirup jeung kamandirian pikeun mekar. Kabehanana oge ngumantung kana struktur jero anu nangtukeun kagiatan sastra, mastikeun lajuning lakuna jeung parobahanana. Gagasan transformasi teh henteu diwatesanan keur nulis teks wungkul, tapi jadi pasualan pokok keur pembacaan teksna deuih.

- (6) Nu dimaksud gagasan regulasi diri (*self regulation*), nya eta hiji udagan pikeun manggihkeun aturan anu nyangking pertanyaan-pertanyaan kasastraan anu bisa kacangkem ngaliwatan hiji kagemblengan sastra, tanpa ayana rujukan kana dunya di saluareunana. Strukturalisme ngaubkeun dirina jeung unsur kasastraan (*literariness*) dina sastra; kaistimewaanana teh nyampak dina aturan-aturan kasastraan, kelir jeung pakakas anu ngalantarankeun teks ngajengleung jeung kagemblengan sistem teh bisa ngawujud. Teks teh panglengkep struktur, teks teh hasil struktur kasebut.

Upama muka deui lambaran sajarah teori sastra, ti mimiti gelar nepi ka kamekarana dina mangsa kiwari, tiori sastra teh didominasi ku opat tiori, nya eta tiori strukturalisme-formalisme, sosiologisme, resepsi estetik, jeung semiotik.

Tiori strukturalisme nampak kana hiji prinsip yen teks sastra teh mangrupa hiji-hijina jalan pikeun neangan makna. Teks sastra teh nyaeta dunya otonom. Teks sastra teh nyaeta dunya kecap. Ku sabab kitu, makna gembeleng teks sastra mah lain dumasar kana unsur per struktur, tapi dumasar kana hubungan antara pangwangunan hiji struktur/sistem.

Cara gawe kaom strukturalisme teh dipangaruhan ku kajian linguistik Saussure. Salah sahiji konsep penting anu diinjeum ti Saussure teh nyaeta konsep penanda (*signifier*) jeung petanda (*signified*). Hubungan antara penanda (aspek sora/formal) jeung petanda (aspek makna/konseptual) baris ngawangun tanda (Hawkes, 1977: 25; Teeuw, 1984: 44). Lian ti eta, kaom strukturalis oge nganggap yen karya sastra teh mangrupa tanda nu miboga makna anu mandiri, lesot tina kasang tukang kasajarahana. Ku sabab kitu, strukturalisme mah sipatna

antihistoris, antikausal; atuh dina analisisna oge nandeskeun struktur anu singkronik, sajaman.

Upama diadumaniskeun mah strukturalisme teh hiji tiori anu raket patalina jeung semiotik. Strukturalisme nganggap karya sastra mangrupa hiji gejala anu imanen, kandungan maknana ngan ukur bisa disungsi tina unsur-unsur intrinsikna wungkul. Semiotik boga anggapan yen pikeun nyangkem karya sastra anu ngarupakeun struktur tea, kudu apal kana ciri kamandirianana sabage tanda. Cek Jakobson, eta tanda teh kakara miboga harti saenggeus aya persepsi ti nu maca. Ngeunaan persepsi tinu maca tea, Teeuw (1983: 62) nyebutkeun yen persepsi pembaca teh ditangtukeun ku dua fungsi karya sastra, nyaeta fungsi otonom puitik jeung fungsi komunikasi. Ayana kabebasan keur nu maca pikeun napsirkeun karya sastra nu dumasar kana pangaweruh jeung pangalamanana sewang-sewangan. Hal ieu teh ngisarahan yen ceuk anggapan semiotik mah karya sastra teh henteu miboga makna anu ajeg (tetep) jeung langgeng. Balukarna, gede pangaruhna pikeun parapanalungtik; dihiji pihak urang paduhareupan jeung karya sastra X jeung norma sastra anu dilagarna; di sejen pihak, kudu paduhareupan jeung norma sastra katut sistem sosial.

Ngajolna wates ulikan sastra tina jihat intrinsik kana norma sastra jeung sistem sosial geus ngagelarkeun konsep-konsep **strukturalisme dinamik**. Mukarovsky nyebutkeun yen karya seni sabage tanda lain ukur dina struktur intrinsikna wungkul, etapi aya patalina jeung realitas, masarakat, pencipta, jeung pananggap. Konsep strukturalisme dinamik Mukarovsky saterusna dimekarkeun deui ku Vodicka, Jauss, jeung Iser dikenal sabage tokoh anu mitembeyan dasar tioritis jeung metodologis dina aliran nu diagemna. Tiori resepsi estetik Jaus nganggap nu maca sabage komponen anu pohara pentingna, mungkin mangrupa sentral, sabab ngan nu maca baris netepkeun makna karya sastra luyu jeung nu dipiharepna. Numutkeun Segers (Darmawan, 1990: 8) yen harepan nu maca teh ditangtukeun ku (1) norma-norma umum anu lahir tina teks anu dibaca, (2) pangaweruh jeung pangalaman ngeunaan karya sastra nu geus dibaca samemehna, (3) tegangan antara fiksi jeung realitas.

Memang, Jauss jeung Iser nganggap yen nu maca teh sabage komponen anu kacida pentingna. Hanjakal ieu dua tokoh teh teu kungsi mopoyankeun ngeunaan klasifikasi nu maca.

Sanajan kitu, Greaben jeng Segers (Darmawan, 1990: 8) mere katerangan ngeunaan perbedaan nu maca jeung nu nalungtik. Ieu tokoh teh ngeceskeun yen tugas panalungtik teh nyaeta ngulik bahan-bahan intersubjek, nyaeta tanggapan nu maca kana teks sastra. Sabage panalungtik mah bisa ngagunakeun instrumen persepsi jeung timbangan pikeun nangtukeun interpretasi teks.

Segers (Darmawan, 1990: 8) ngusulkeun tilu tipe pembaca, nyaeta (1) *ideal reader*, (2) *implicit reader*, (3) *real reader*. Dumasar kana ieu tipologi, Umar Yunus netepkeun klasifikasi pembaca teh jadi pembaca implisit jeung pembaca ideal. Satuluyna, dibagi deui jadi pembaca implisit jeung pembaca eksplisit. Hanjakal deui, tipe-tipe nu disodorkeun ieu oge teu eces karakteristikna, angger bae hese pikeun netepkeun rumusan tipe-tipena jeung implikasina dina panalungtik, nepi ka ayeuna mangrupa fenomena anu merlukeun perenungan.

Munculna tipologi pembaca jeung ayana konsep harepan pembaca diwada ku Wolfgang Gast ngaliwatan Segers (Darmawan, 1990: 9) anu nyebutkeun yen horizon harepan pembaca gumantung kana faktor-faktor (1) data pribadi ngeunaan jenis kelamin, pakasaban, atikan, jeung nu lian-lianna deui, (2) kompetensi basa jeung sastrana, (3) pangalaman analisisna, (4) tingkat kedekatan pangarang jeung mediana, jeung (5) situasi resepsi pembaca.

Pangwada sejenna jolna ti Robert Mendekov ngaliwatan Segers (Darmawan, 1990:9) anu netelakeun ayana tilu harepan nu disebut (1) harepan jaman (*periode expectation*), (2) harepan teks (*teks expectation*) jeung (3) harepan nu nulis (*author expectation*). Harepan jaman ditangtukeun ku tradisi jeung konvensi anu dipake dina hiji mangsa jeung tempat nu tangtu waktu eta teks ditulis. Harepan teks nyaeta hiji teks nu tangtu jadi tolok ukur pikeun teks-teks sapandeurieunana anu ditulis ku panulisna nu eta keneh. Harepan penulis dumasar kana salah sahiji aspek anu husus tina karancagean salah saurang panulis; hartina eta aspek teh cukup jadi timbangan pikeun resepsi karya eta panulis sacara gemb leng (Darmawan, 1990: 9).

Nitenan implikasi tiori anu dimekarkeun ku Jauss jeung Iser, lamun dipatalikeun jeung panalungtikan sastra, bisa dicindekkeun yen tiori Jauss mah leuwih condong nandeskeun resepsi pembaca ti waktu ka waktu, leuwih pantes dimangpaatkeun pikeun panalungtikan sajarah. Sedeng tiori Iser

leuwih merenah dipake pikeun tiori sastra atawa kritik sastra luyu jeung puseur pangjugjuganana anu pohara dariana kana hakekat jeung status teks sastra.

Lamun dibandingkeun jeung ulikan strukturalisme, tiori anu dimekarkeun ku dua tokoh nu disebut di luhur aya perbedaana. Strukturalisme museurkeun panitenna kana teks sastra. Pon kitu deui, simiotik ngulik teks sastra jeung nu maca; resepsi estetik parapembaca. Atuh sosiologi sastra kapan museurkeun panitenna teh ka pangarang jeung realitas sosial (semesta). Dina sosiologi sastra oge dimekankeun sawatara paradigma, konsep, atawa tiori ngeunaan (1) sosiologi jeung sastra,(2) tiori-tiori ngeunaan sastra (3) sastra jeung strukturalisme, jeung (4) persoalan metode. Sosiologi sastra dina harti anu basajan bisa dihartikeun sabage ilmu anu ngulik ngeunan manusa dina kahirupan bermasyarakat kalawan objektif ilmiah. Ieu widang ilmu teh ngulik (1) hubungan nu timbal-balikantara rupa-rupa gejala sosial,(2) hubungan jeung nu timbal-balik antara gejala-gejala nasional, jeung (3) ciri-ciri umum tina sakabeh warna gejala sosial (Soekamto dina Darmawan, 1990: 10).

Anapon anu ngabedakeun sosiologi jeung sastra nyaeta visi subjektif – imajinatifna. Objek garapan sosiologi jeung sastra teh sarua, ngan beda lebah kapentinganana. Ku sabab kitu, nepi ka kiwari kudu diaku yen sosiologi sastra teh tacan sagemblengna mangrupa hiji pangaweruh anu asak (sawawa) (Damono dina Darmawan, 1990: 10). Patali jeung ieu anggapan, Junus netelakeun yen hiji gagasan sastra atawa konsep anu pohara pentingna dina sosiologi sastra yen sastra teh mangrupa eunteung jamanna, atawa mangrupa dokumen sosio-kultural. Ieu konsep teh dilataran ku sawangan yen sastra teh mangrupa eunteung anu langsung tina sakabeh segi struktur sosial (Damono, 1984: 9). Ku sabab kitu, orientasina teh teu dumuk kana karya sastra sabage kesatuan wungkul. Ieu pamarekan teh ngan bisa dipake pikeun karya sastra anu ajen sastrana kurang, roman picisan, misalna (Junus dina Darmawan, 1990:11).

Lian ti eta, aya anu perlu diestokeun kalawan daria dina ngalarapkeun tiori sosiologi sastra, nyaeta kulantaran ngongkoakna tiori sosiologi sastra anu dilatartukangan ku kapentingan jeung tujuan nu beda-beda. Hal ieu teh meredih panalungtik pikeun meres (ngayak) tiori nu rek digunakeunana

kalawan daria. Geuning, ku Teeuw dina Darmawan (19990: 11) oge dieceskeun ngeunaan sastra pasualan anu keur dirandapan ku tiori sastra teh, nyaeta (1) tiori sastra mangrupa palapon dasar pikeun nyangkem gejala jeung karya sastra, (2) maca karya sastra heula samemeh tiori sastra, (3) masing-masing sastra ngegelarkeun tiorina sewang-sewangan, (4) sastra sabage gejala anu universal bakal ngalahirkeun tiori anu universal deuih, (5) tiori sastra moal aya, tanpa tiori bahasa, (6) tiori basa anu teu ngetokeun basa berarti gagal, (7) teks mibanda makna anu otonom, mandiri, jeung objektif deuih, (8) teks teh ngan bisa di cangkem dina intelektualitasna, (9) “*The writer the text*”, (10) “*the reader write the text*”, (11) moal aya pamahaman jeung interpretasi gejala naon bae, tanpa ngagunakeun basa, jeung (12) basa, lantaran realitasna ngarupakeun sarana anu taksa malahan jadi panghalang pikeun pamahaman jeung interpretasi nu saenyana.

Strukturalisme lamun dipatalikeun jeung pamarekan Abrams kaasup karya sastra anu objektif, nyaeta pamarekan anu nandeskeun karya sastra sabage struktur anu sifatna otonom (Teeuw, 1984: 120). Ieu pamarekan lamun dipatalikeun jeung pamadegan Rene Wellek jeung Austin Warren mah kasup kana pamarekan intrinsik ilmu sastra. Sedeng pamarekan sastra nurutkeun Abrams anu lianna nyaeta mimetik, pragmatik, jeung ekspresif kaasup kana pamarekan ekstrinsik ilmu sastra. Pamarekan ilmu sastra anu dipopoyankeun ku Wellek jeung Warren teh dina prinsipna meh sarua bae jeung pamarekan ilmu sastra anu disodorkeun ku Abrams.

Ngulik karya sastra teh gumantung kana tujuan nu rek dihontal ku panalumhtikna. Ku sabab kitu, hal eta teh gumantung oge kana pamarekan nu rek digunakeunana. Kiwari, leuwih condong yen parapanalungtik sastra teh museurkeun perhatianana kana pamarekan objektif atawa pamarekan struktural karya sastra. Sakumaha anu geus dijelaskeun, pamarekan obejektif teh nandeskeun puseur perhatianana kana karya sastra sacara mandiri. Karya sastra dianggap otonom, mandiri, jeung lesot tina alam sabudeureunana, nu maca jeung pangarang. Ku sabab kitu, karya sastra teh dianggap pegat tina tali sosial budaya jeung masarakatna. Padahal saperti anu kajueung ku urang jeung saestuna karya sastra teh nganteng dina tali dimensi kamasarakatan jeung sosial budaya anu ngalahirkeun eta karya.

Pamarekan objektif teh gelarna saumur jeung puitik sabage cabang ilmu pangaweruh di dunya barat. Aristoteles dina bukuna *Poetika* anu ditulis dina taun 340 samemeh Masehi di Athena. Netepkeun sawangan dasar anu kuat pikeun nganggap karya sastra sabage struktur anu otonom.

Panalungtikan struktural dina ilmu sastra dibaladah ku parapanalungtik ti Rusia antara taun 1915-1930. Tokoh-tokohna, Jakobson, Shklovsky, Eichenbaum, Tynjanov. Saterusna mah kelompok tokoh-tokoh nu bieu teh disebut kaom formalis.

Konsep dasar kaom formalis utamana mah hayang ngabebaskeun ilmu sastra tina cangkangan ilmu-ilmu lianna, sapreti psikologi, sajarah atawa panalungtikan kabdayaan. Manehna neangan ciri mandiri anu ngabedakeun sastra tina ekspresi basa sejen, ieu ciri teh disebut literariness. Basa puisi teh lain imaji atawa emosi, tapi kecap-kecap. Puisi teh tindak basa atawa kecap. Puisi nya eta larapna basa anu sign-oriented, tujulna teh kana tanda-tanda, lain kana kanyataan. Anu utamana mah, cuek kaom formalis, dina basa Rusia priem, devices, prosede atawa sarana-sarana sacara distingtif dimangpaatkeun ku penyair, sarana widang soro (rima, matra, irama, aliterasi, jeung asonansi), malahan di widang morfologi, sintaksis, jeung semantik deuih.

Mimitina mah paraformalis teh nganggap friem tea mandiri (lesot) jeung individual sifatna, karya teh disawang sabage penjumlahan sarana-sarana individual. Tapi satuluyna mah maranehna teh boga anggapan yen karya teh ngarupakeunsistem sarana. Karya sastra sagemblengna dianggap sabage tanda, lesot tina fungsi referensial atawa mimetikna. Karya sastra, nurutkeun ieu anggapan, jadi tanda anu otonom, patalina jeung kanyataan teh sifatna teu langsung. Ku sabab kitu, tugas panalungtikan sastra anu pangheulana teh nyaeta nyaliksik struktur karya sastra anu kompleks jeung multi dimensional anu unggal-unggal aspek jeung anasirna teh silihrojong pikeun ngagelarkeun hiji makna anu gembeng tina totalitas eta karya.

Konsep sejenna anu kawilang penting keur kaom Formalis nyaeta konsep dominan, ciri anu pinunjul atawa utama, dumasar kana pamanggih jeung pangalaman maranehna yen dina karya sastra aspek basa nu tangtu sacara dominan aspek naon bae. Ku sabab kitu, dina analisis jeung interpretasi karya sastra aspek dominan eta teh kudu ditandeskeun, sedeng aspek-aspek anu sejenna remen jadi pangrojong kana hal anu dominan tea.

Saterusna, aliran Formalis teh mekar kana aliran strukturalis. Karya sastra sabage stuktur jadi sasaran utama ilmu sastra. Paraformalis ngabaladah jalan pikeun pamarekan sajarah anu sifatna struktural. Maranehna oge sadar ngeunaan dinamik intrinsik anu jadi ciri mandiri sajarah sastra. Satiap karya sastra kudu ditalungtik kasang tukang nu ngalataran karya-karya samemehna, sabab kaistimewaanana kakara bisa kanyahoan sagemblengna sabage penyimpangan tina karya atawa norma samemehna. Pagawean kaum Formalis nu saperti kieu teh ku sawatara aliran ilmu sastra mah disebut strukturalis-formalis atawa gerakan otonomi. Jadi, nalungtik karya sastra dina lelewek otonomina, lesot tina latar tukang sosial, sajarah, biografi, jeung lian-lianna deui. Aliran strukturalis teh terus mekar di dunya Slavia kalawan kelompok nu kuatna aya di Praha ( di antarana tokoh Mukarovsky, jeung Vodioka).

Aliran strukturalisme anu mekar leuwih modern mah disebutna teh semiotik, di Rusia tokohna teh Jurij Lotman. Di Perancis, aliran strukturalisme teh mandegmayong kamekaranana lantaran meunang pangwada ti kaum eksistensialisna Jean-Paul Satre. Ngan sabada taun 1965 mah aliran strukturalisme teh mekar kalawan lugina di Perancis, tokohna Claude Levi Strause jeung Roland Barthes. Tokoh-tokoh sejenna, Todorov, Greimass Bremond, Genette, Julia Cristera. Di Inggris, tokoh nu nganut aliran strukturalisme teh nya eta I.A. Richards, saurang psikolog anu gede pisan katineungna kana atikan sastra. Lian ti eta, T.S. Eliot deuih, salah saurang penyair anu geus moyan. Najan kitu Eliot mah lain dina aliran strukturalis anu formal. Inyana ngeceskeun yen nu penting mah dina puisi teh lain penyairna atawa situasi sosial karya sastrana, tapi utamana mah ngan ukur karyana (Teeuw, 1984: 133).

Di Amerika Serikat pamerekan strukturalisme teh ngawujud dina aliran nu di sebut *New Criticism* tea. Tokohna di antarana bae nyaeta Robert Penn Warren, Alan Tate, Cleanth Brooks, W.K. Winsatt, John Crowe Ranson, jeung Monroe Beardsley. Eta tokoh-tokoh teh sapamadegan yen kritik sastra teh kudu museur kana karya sastra, ngiwalkeun panyair sabage pencipta atawa pembaca sabage penikmat, hal-hal nu disebut ekstrinsik tea, nu aya disaluareun karya saperti data-data biografi, psikologi, sosiologi, sajarah, henteu diaubkeun dina analisis jeung interpretasi karya sastra. Satuluyna dieceskeun yen dina ieu

paham nu dipake teh ngan *close reading* wungkul, pembacaan sacara mikroskopi tina karya sabage ciptaan bahasa. Winsatt jeung Beardsley nandeskeun pangwada kana anggapan *the intensional fallacy* jeung *the affective fallacy*. Kahiji, ngawada anggapan anu netepkeun yen pangeritik sastra teh aya patalina jeung soal niatan pembaca nu nyampak teh ngan ukur meaning wungkul. Ku sabab kitu, ngan eta-etana bae nu kacangkem jeung dipedar teh, taya jalan sejen pikeun ngaubkeun niat atawa maksud pangarang. Ku nyaho ngeunaan riwayat hirup atawa pamadegan nu nulis dina nyipta karyana, henteu bisa mantuan pikeun nyangkem eta karya kalawan hade, malah sabalikna, mindeng nyasarkeun. Lian ti eta, ieu tokoh-tokoh teh ngawada hadirna emosi deuih, atawa efeksi, sikep kasederhanaan pembaca sabage kriteria atawa jalan pikeun nyangkem karya kalawan leuwih keuna. Lewangna jarak antara emosi pembaca jeung makna karya henteu bisa di cukangan ku pangeritik sastrav ku jalan ngagunakeun teks karya sastra sacara mandiri. Nu kacangking ku pangeritik sastra teh ukur kecap-kecap tina eta karya bae.

Pamadegan New Criticism nu pohara prinsipilna teh dina jaman sabada Perang Dunya II, di Amerika Serikat mah kacida dominanna. Eta pamarekan teh diwujudken dina buku *Theory of Literature* karya Renne Wellek jeung Austin Warren. Buku kasebut teh mangrupa kawinan aliran strukturalisme Praha anu dikokojoan ku Renne Wellek jeung New Criticism, Amerika Serikat anu di kokojokeun ku Austin Warren. Eusina ngebrehkeun pangwada ieu aliran kana pamarekan karya sastra, lantaran dianggap kurang keuna. Ceuk ieu aliran, nu perlu teh pamarekan intrinsik karya sastra mangrupa “dunya dina kecap”, *wereld in woorden*. Di Indonesia, ahli jeung pangeritik sastra anu nandeskeun perluna pamarekan intrinsik teh nyaeta kelompok Rawamangun (Teeuw, 1984: 135).

### **1.5 Penerapan Pamarekan Strukturalisme**

Di Barat, dina abad ka-20, atra ayana parobahan ilmu sastra sacara evolusi. Parobahan anu umum bisa katiten dina widang ilmu-ilmu kamanusaan, saperti ayana parobahan tina pamarekan historik atawa diakronik. Eta parobahan teh sakaligus bisa katiten sacara mandiri (husus) tina parobahan pamarekan

sastra sabage sarana pikeun pangaweruh lianna kana widang sastra sabage sarana widang kabudayaan anu otonom.

Dina widang elmu sastra, panalungtikan struktural teh dipitembeyanana ku kelompok panalungtik Rusia dina tauh 1915-1930. Eta kelompok teh saterusna disebut kaom Formalis. Tokoh utamana di antarana bae, nya eta Jakobson, Skhlovsky, Eichebaum, jeung Tynjanov. Panalungtikan struktural mah kagiatanana teh nalungtik otonomi karya sastra, lesot tina kaitan latar tukang sosial, sajarah, jeung biografi.

Dina prinsipna mah tujuan analisis struktural teh ny eta pikeun ngarakrak jeung ngadarkeun patula-patalina sakabeh anasir jeung aspek karya sastra kalawan tetes tepika bisa ngawujudkeun harti (makna) sacara gambleng. Analisis struktural teh lain mangrupa sakumna sajumlah tina anasir-anasir tea, teu cukup ku cara ngadaptarkeun sakabeh kasus aliterasi, asonansi, rima ahir, rima jero, inversi sintaktik, metafor, jeung metonimi nu ngagunakeun sajumlah istilah nu mumbul, pirang-pirang jalan anu sacara formal bisa dilarapkeun kana hiji sajak. Pon kitu deui, dina roman oge teu cukup nu enumerasi gejala-gejala nu aya patalina jeung aspek-aspek di antarana bae aspek waktu, sapek ruang, perwatakan, *point of view*, jeung sorot balik. Nu kudu diastokeun teh saestuna ngeunaan sumbangan anu ditepikeun ku sakabeh ieu gejala kana kagemblengan harti (makna), kumaha hubunganana antara unggal tataran (fonik, morfologis, sintaktis, jeung semantikna). Gejala sora (*bunyi*) teh dina analisis struktural mah dibere harti ngaliwatan interaksina jeung gejala harti kecap atawa sabalikna. Dina harti struktural anu saenyana mah perbedaan antara ngawangun jeung eusi teh moal kajadian atawa moal pernah aya. Nu biasa di sebut wangun teh dibere harti nu aya patalina jeung nu di sebut eusi tea, jeung sabalikna deuih, nu di sebut eusi teh kakara dibere rujukan pihartieun nu sdaenyana ngaliwatan heula aworna gejala wangun jeung eusi tea. Patali jeung hal ieu, teeuw (1984:136) nyutat M. McLuhan ngeceskeun, *the medium in the message* anyar dina aworna struktur sacara gambleng dina kagemblengan harti anu unik ngarupakeun wujud teks, pancen jeung analisis struktur teh saestuna mah medar ngeunaan aworna kagemblengan harti tea kalawa tetes

Tepi ka kiwari can aya hiji pamadegan anu eces ngeunaan komponen anu kudu dipake “bedog pangadek” pikeun nganalisis karya sastra sacara struktural. Sanajan kitu, keur

gambaran saheulaanan mah urang bisa nitenan sawatara hasil panalungtikan atawa disertasi anu dina analisisna, di antarana, make pamarekan struktural.

Yus Rusyana dina panalungtikan ngeunaan *Novel Sunda Sebelum Perang* (1979) ngagunakeun analisis struktural. Rusyana (1979:5) ngeceskeun yen dina nganalisis novel digunakeun tiori struktural anu nganggap yen karya sastra teh mangrupa hiji struktur: unsur-unsur anu ditalaahna ngeunaan galur, nya eta tata cara ngolahna, susunanana, sipat hubunganana, bahanna, konflikna, jeung kadar kelajiman peristwana. Pelaku, nyaeta ngeunaan fungsina, tokoh nu dicaritakeunana, jumlah jeung kasang tukang sosialna, cara penokohanana, jeung warna palakuna. Latar, nyaeta ngeunaan waktu, tempat jeung fungsina; jeung tema, nyaeta ngeunaan penggolonganana.

Sri Widati Pradopo, spk. (1985) dina panalungtikanana ngeunaan *Struktur Cerita Pendek Jawa* ngagunakeun analisis struktural deuih. Numutkeun Pradopo, spk. (1985: 16) yen karya sastra sabage hiji rekaan dina hakekatna mah mangrupa hiji struktur. Ieu struktur teh dirojong ku unsur-unsur karya sastra. Ceuk ieu anggapan, sastra teh saestuna mangrupa hiji binaan organik. Maksudna, yen fungsi unsur-unsurna teh silihrojong. Numutkeun Stanton ieu unsur-unsur teh ngawengku (a) tema jeung masalah, (b) fakta carita, jeung (c) sarana carita. Satul;uyna di eceskeun yen tema teh dina prinsipna mah sarua bae jeung nu disebut ide sentral atawa harti cental carita. Dumasar kana pamadegan Stanton, Pradopo, Spk.(1985: 23) netelakeun yen tema mangrupa jiwa carita; tah eta teh fakta carita tea nu lumrah di sebut struktur faktual atawa tingkat faktual anu ngawengku galur, panokohan, jeung latar. Sarana carita nyaeta ngeunaan cara-cara pangerang milih jeung ngatur bagian carita tepi ka ngawujudkeun wangun-wangun anu sanggup ngarojong harti (makna). Sarana carita teh ngawengku judul, puser implengan (pusat pengisahan), simbul, ironi, humor, suasana, jeung gaya.

Sulastin Sutrisno dina disertatina ngeunaan *Hikayat Hang Tuah: Analisa Struktur dan Fungsi* ngagunakeun analisis struktural anu ngawengku unsur-unsur tema, galur (plot). Struktur ruang, struktur waktu, jeung latar.

Pon kitu deui, Partini Sarjono Pradotokusumo (1986) dina disertatina anu judulna *Kakawin Gajah Mada (Sebuah karya Sastra Kakawin Abad ke-20: Suntingan Naskah Serta Telaah*

*Struktur, Tokoh, dan Hubungan Antarteks*). Dina analisisna, di antarana ngagunakeun analisis struktural anu ngawengku struktur formal Kakawin jeung struktur satuan naratif.

Dumasar kana sawatara conto panerapan struktural saperti anu d tataan di luhur tea, saheulaanan mah bisa dicindekeun yen “bedog pangadek” nu dipake dina pamarekan strukturalisme pikeun nganalisis karya sastra teh ngawengku unsur-unsur struktur (1) tema, (2) galur (plot), (3) palaku, jeung (4) latar.

### **1.6 Kahengkeran Strukturalisme**

Strukturalisme mangrupa hiji pamarekan atawa metode kajian tetep miboga kahengkeran, ulikanana kawatesan. Sanajan kitu, henteu boga harti yen konsep-konsep anu dimekarkeun ku strukturalisme teu bisa dipake dina analisis karya sastra. Buktina bae analisis struktural kapan diaku kaampuhanana dina ngaekplesitkeun hal-hal anu tersurat dina karya sastra, pang-pangna dina proses interpretasina. Memang, saperti nu ditetelakeun ku Abrams yen interpretasina karya sastra teh sawadina mah ulah lesot dina aub pangarang, nu maca, kasemestaan tea.

Sisi sejen kateuecesan strukturalisme teh nyaeta dina soal istilah ”struktur”. Para ahli strukturalisme teu kungsi ngeceskeun kalawan tetes ngeunaan harti eta istilah. Balukarna, ngagelarkeun interpretasina nu beda-beda (*bersayap*). Bisa disebutkeun yen teu ecesna harti ngeunaan istilah ”struktur” geus ngalahirkeun *verbalisme* ka nu maca.

Hadirna pangaruh linguistik dina pamarekan struktural pikeun diaplikasikeun dina nganalisis karya sastra, kurang keuna, lantaran karya sastra mah miboga konvensi anu mandiri anu pohara ganjor bedana jeung konvensi kabahasaan. Kacenderungan pikeun ngalarapkeun konsep-konsep linguistik dina karya sastra ngagelarkeun anggapan ayana otonomi karya sastra. Ku sabab kitu, imterpretasi karya sastra teh kudu dumasar kana eta karya. Ieu prinsip teh tangtu bae mawa akibat putusna hubungan karya sastra jeung anu nulisna jeung konvensi-konvensi sejenna di luar karya sastra. Pohara ironisna, kaom strukturalisme henteu gugon (*konsisten*) kana prinsip dasar anu dianut ku ieu aliran. Parastrukturalis teh pamustunganana mah

ngainterpretasikeun karya sastra dumasar kana pamahaman pangweruh pribadi anu henteu objektif deui.

Lian ti eta, Scholes ngeceskeun yen harti kecap anu digunakeun dina karya sastra, utamana puisi, ambiguitas,. Ku sabab kitu, kecap-kecap dina karya sastra mah teu bisa di surahan sacara denotatif. Nu maca diajak ulin dina jero wangunan dunya imajiner sejen. Jigana bae ieu anu dimaksud ku Roman Jakobson yen *literature is kind of writing whice represents an organized violence committed on ordinary speech. Literature transformed and intensifies ordinary language, deviates systematically from everyday speech.*

Harti nu piboga ku hiji kecap teh henteu dumasar ngan kana harti nu jolna tina eta kecap, tapi salawasna dipatalikeun jeung kecap sejenna, dipatalikeun deui jeung kalimahna, malah teu nutup kamungkinan dipatalikeun deui jeung hal-hal lainna nu aya di luareun karya sastra. Interpretasi karya sastra anu ngan museurkeun ulikanana kana unsur kabahasaan wungkul bakal karasa “garing” (*kaku*) tur leuwih condong baris ngahasilkeun deskripsi patalina basa dina karya sastra. Ku sabab kitu, tangtu bae moal bisa kakolongan ngeunaan kahengkeran jeung kapunjulan sarta harti jeung fungsi eta karya keur pangarangna atawa keur nu macana.

Ayana konsep strukturalisme anu hese dilarapkeunana dina analisis karya sastra modern. Misalna bae, konsep situasi dramatik Etiene Sourian, pamohalan bisa dipake pikeun nganalisis drama modern jeung kontemporer. Ayana katandesan kana kosep-kosep fungsi anu astrologis dina konsep Sourian, geus ngalahirkeun peran sababaraha unsur sejen dina drama. Padahal lamun dilenyepan kalawan tetes mah, aspek gerak, mimik, dialog, sora, latar, atawa improvisasi teh boga peran anu pohara gede hartina keur nangtukeun hasil henteuna hiji *teater* dina nepikeun amanatna ka nu lalajo atawa ka nu ngadengekeunana. Analisis fungsi konsep Souriau teh ngan ukur bisa dilarapkeun pikeun nganalisis tokoh jeung pola penokohan dina drama klasik. Ku kituna, konsep Souriau teh moal efektif lamun dilarapkeun pikeun nganalisis struktur drama sacara gembleng (*menyeluruh*).

Analisis fungsi anu dimekarkeun ku Propp jeung Raglan, atawa konsep unit anu dimekarkeun ku Levi-Strauss sabage pamekaran jeung tanggapan saterusna tina konsep tematik jeung

motif anu dimekarkeun ku Thomaschevsky jeung tokoh sejenna dina formalisme Rusia. Eta konsep-konsep teh dina prinsipna mah hayang nyieun kapling karya sastra dumasar kana unit-unit anu leuwih leutik pikeun ngagampangkeun nyurahan karya sastra sacara deduktif atawa induktif. Ngan bae, dina strukturalisme teh muncul kacenderungan pikeun nata fungsi-fungsi kasebut dina sistem anu sipatna umum, tepika mindeng kajadian yen induksi teh masih keneh perlu dibebenah deui bebeneranana.

Lamun dititinan kalawan gemet mah katembong ayana usaha ti tokoh-tokoh strukturalis panerusna pikeun kaluar tina konsep-konsepna strukturalis awal nu kaku. Misalna bae, Bremond, nyoba-nyoba ngamekarkeun konsep sekuensi peristiwa narasi anu leuwih nandeskeun soal logika. Pon kitu deui, konsep canderaan asal struktur naratif tina kaca mata semantik anu ngalahirkeun tiori aktan atawa tiori anu dimekarkeun ku Greiman. Malah konsep-konsep sejenna saperti anu dimekarkeun ku Todorov, Northrop Frye, konsep konteks fiksi anu dimekarkeun ku Scholes deuih. Sakabeh eta usaha teh gede pisan mangpaatna pikeun kasampurnaan konsep-konsep strukturalisme ti mangsa ka mangsa.

Ku sabab ilmu sastra teh mekar terus, atuh katunaan-katunaan anu samemehna teu kapalire teh, beuki dieu mah beuki katembong bae borokna. Memang, bauna borok anu nyambuung tina konsep-konsep strukturalisme teh teu kungsi kaambeueun ku tiori ilmu sastra saheulaanan. Kitu deui, pamarekan otonom atawa struktural New Criticism dina kanyataanana mah geuning teu weduk pikeun nadah panarajang anu jolna ti luar atawa ti jero.

Patali jeung kahengkeran pamarekan struktural, Teeuw (1988: 139-140) netelakeun ayana opat kahengkeran dina pamarekan struktural, nya eta (a) hususna mah New Criticism, atuh umumna mah analisis struktur karya sastra tacan mangrupa tiori sastra, malahan henteu dumasar kana tiori sastra anu marenah tur lengkep deuih, hamo bisa dipondah deui baris ngabahayakeun kana kamekaran tiori sastra anu pohara didagadagona, (b) karya sastra teh bisa ditalungtik sacara terpisah (*terasing*), tapi kudu diteuleuman dumasar kana rangka sistem sastra katut latar tukang sajarahna, (c) ayana struktur anu objektif dina karya sastra teh beuki disangsikeun bae, peranan anu maca anu mere harti dina ngainterpretasikeun karya sastra beuki ditonjolkeun, sanajan tangtu bae aya kosekwensina

pikeun analisis struktural mah, (d) analisis anu nandeskeun otonomi karya sastra oge baris ngaleungitkeun konteks jeung fungsina, eta karya teh dipuja-puja, padahal mah relevansi sosialna hapa.

Sakabeh eta kahengkaran teh saestuna mah masih bisa keneh diungkulan ku sawatara tiori anyar anu ngalantarankeun bocorna rusiah kahengkaran tiori struktural tea.

## 1.7 Panutup

Lesot tina sawatara kahengkaran jeung kasamporetan strukturalisme sabage hiji pamarekan metode dina kritik sastra, najan kumaha bae oge, tangtu bae aya sisi-sisi kapinunjulanana lamun dibandingkeun jeung pamarekan anu kungsi lahir jeung mekar saheulaeunana. Kahengkeran jeung kasamporetan konsep-konsep anu dimekarkeun ku strukturalisme teh geus dibebenah ku aliran sejen anu mekar sapandeurianana, di antarana bae, pascastukturalisme, strukturalisme genetik jeung resepsi. Sabalikna deuih, kapunjulan tina ieu pamarekan teh geus ngeuyeuban tiori sastra jeung kritik sastra dina dekade ahir. Malahan, anu narulis fiksi jeung karya sastra sejenna oge geus ngamangpaatkeun konsep-konsep strukturalisme nu pangalusna sabage modal dasar enggoning nyipta karyana. Revolusi tema, struktur, gaya, puser implengan (*sudut pandang*), jeung hal-hal sejenna dina fiksi-fiksi kontemporer boh anu mekar di Eropah boh anu mekar di Indonesia, eta teh mangrupa conto kongkrit asupna pangaruh konsep strukturalisme kana kamekaran sastra, genre fiksi hususna.

Mungguhing sastra, manifestasi kongkritna teh ngajengleng dina wangun basa anu sahenteu-henteuna oge nuduhkeun unsur-unsur sistematikna. Ngan pikeun nyieun candraan sacara kongkrit ngeunaan sistem sastra sacara gembleng katut sagala rupa kateganganana mah dina hirarkina anu ruwed jeung gumantung kana sajumlahing faktor lianna, mangrupa pancen anu pohara beuratna sastra pasti moal bisa ngahontal hasil anu nyugemakeun. Anapon anu jadi marga lantaranana anu jadi unggal-unggal watesan karya sastra henteu mibanda standar sistematik anu sipatna umum (*menyeluruh*). Kituna teh bisa jadi, lantaran sastra salawasna sok dicantelkeun jeung konvensi

budaya masarakat nu migandrungna. Sanajan memang eta oge henteu dileuleungit yen ciri kauniversalan mah tetep aya.

Nilik tujuan awal jeung ahir ilmu sastra (dina karya sastra), nyaeta netepkeun ciri kamandirianana (*ciri khasna*), ayana kategangan antara *invention* jeung *convention*, antara sistem konvensi anu nyengkerna jeung anu sakalian diungkulanana. Panalungtikan sastra anu henteu ngestokeun ayana kategangan tea, moal bisa nyangkem karya sastra kalawan gembleng, panalungtikanana teh terisolasi lantaran salawasna nyirna keun hal-hal anu esensial dina karya sastra. Hal eta ngandung konsekwensi langsung kana panalungtikan sastra, boh karya individual boh kagemblengan sastra.

Strukturalisme anu mekar sabage akibat kamekaran pola pikir manusa dina tungtung abad ka-19, awal abad ka-20, ternyata geus mere kontribusi anu pohara gede ajenna pikeun kamekaran metode interpretasi ilmu pangaweruh, pangpangna mah ilmu sastra. Konsep-konsep anu dipopoyankeun ku ieu pamarekan teh, sanajan nyokona kana linguistik, antropologi jeung lian-lianna deui, dina kanyataanana mah bisa dilarapkeun dina ilmu sastra nu dilunyukeun jeung kabutuh saperluna. Digunakeunana metode strukturalisme dina analisis sastra mangsa kiwari, saestuna mah gumantung kana sipat jeung kondisi teksna. Nu jelas mah yen metode strukturalisme teh bisa digunakeun sabage salah sahiji alternatif pilihan metode kajian teks pikeun para peneliti sastra, boh teks-teks tradisional boh teks-teks modern.

Sakieu nu bisa katepikeun ngeunaan strukturalisme dina ilmu sastra. Muga-muga ieu tulisan teh aya mangpaatna.